**Xibaar bugnu wara djalalè ci numu geuneu gawé**

# Espagne: Xalé yi dieuloon gaal yi gnu ngui ci ay diafé-diafé ci bérép yi lèen rewum Espagne dalal.

***Teuthie bérép yoyulé té xool bérep yu geun yugnu meuna dalal xalé yi.***

(Madrid: Gnar fukki fann ak djurom been ci weeru juillet, 2007)  Rewum Espagne téyé nagnu lu tolok ay témeriy xalé yu fakiko Afrique ci ay béreup yu doy waar yo xamné dagnu leen fay gnakk  topato aka toroxal, loolu nak di linga xamné mom la Human Rights Watch di xamal nite gni téy dji lé.

Daaw amoone na lu tolook woon ak Djurom gnenti témeriy xalé yu fakiko wone Afrique dieum ci iles canary yi.  Xalé yoyu nak sèen tuki bi diafé wone na loolu ndax té ay gaal lagnu doon djeul.  Bi loolu amé nak rewum espagne ubi wooe ay centre yo xamné fa lagnu doon dalal xalé yoyulè, mudi lu toolu ci Gnenti ba Dioromi témeriy xalé diogué danaka ci rew yilé di Senegal ac Maroc.

Ci page 115 bu keuyite bi: "Daw sa warèf wu: Espagne farlu wul ci taxawu ak aar xalé yi dal ci ile canari yi niki ni kako yoon sassé."  Xibaar bi di woné ni xalé yi néké ci centre yoyulé mélni gnu nèk ci kasso, ndaxté téyé bi gnu lèen téyé amul ap, té xalé yi neekkine wu xatt té bone lagnu fa néké, yén say sax gni lèen wara samm dagnu lèeniy door, wala gnissi geuneu tuti gnu mak gni dilèen nogatu.  Xaléyi ubilu gnu lèen fa bèenn bérep bugnuy meuneu ndjangué, wala di fa fowé, wala difa fèxlu, té sèen démak diik taxu ka démé nonu.

"Rewum espagne nak yoon daane nako si gnak saamm gui mu gnak same droit international, ndaxté yone dafko sassone mu taxawu xalè yooyu té défuko," Mudi ay kadu yu diogué ci simone troller, di gueustu kat thi lép lu lal droit wu xaleyi tèy liguèyeul Human Rights Watch, mu doli waxné "Xalé yi gouvernement Espagne daf leena wara aar,topato leen,té uteul  leen béreup yu bax yu gnu meuna nékk."

Fi gnu tolu ni nak gni djité iles yoyu di canary ak gouvernement Espagne amugnu bèn péxé nguir guéné xaléyi ci centre yoyu.  Djotna gnu naka tuxeul lu tolu ci diuromi téméri xalé ci biir deuk bi ci centre yu tané fignu nékone, loolu nak done ndiguel bu guenone ci ay disso bu ministere bi yoré mbirum askane wi defone.  Wayé guisna gnu né tololé wu ngu wone xalè yi ci tuxeul bobulé ndaxté xalé marocain yi dagnu lèen diy bayi guinaw, té lolu du yoon.

Budul dara sax, li xaléyi nék ci biir deuk Espagne war na tax gnu warfa meuneu dèss ndaxté Espagne dafa signé wone ci atum 1990 charte wuy are droits wu xaléyi.  Liy waréfu gouvernement bi moy sakk ay pexé yu woor ngir yombal dundinu xalé yi sa fofa

naka lagnu aksi wé, rax ci doli xaléyi sax war nagnu fa meuneu am ay keuyitu daw lakku. Khool tamite ndax warnagnu am ay keuyitu daw lakku. Khol tamite ndax warnagnu meuneu may wadiuru xaléyi gnu fèkki si lèen su fèké né lolu du indi bène galankor wala diafédiafé. Su féké né delo bi gnuy délo xalé bi dafa wooreudi ngu féxé ba xaléyi meuneu dunde ci biir deuk bi, massalo ak wa deuk bi.

"Béggu ma fima nèk nii; sumako meunoon dé, dina fi djoggé. Lékk bi gnu fiy lékk néxul,baaxul" bénn xalé senegalais bu am fuki at ak diurom gnaar moy wax noonu ci centre d'urgence bu la Esperanza thia Tenerife. "Sugnu leen waxè né dagnu xiif, dagnu dnuy tontu né bignuy nékk Senegal dagnu xiifoon,raflé, kone bok dagnu wara sant ci ass tutt lugnu gnuy diox."

**Bataxal bu wa Human Rights Watch bi nak, "Daw sa wareef: Espagne farlu wul ci taxawu ak aar xalé yi dal ci iles canarie yi niki nukoko yoon sassé," meune ngeen ko djangate ci anglais ak espagnol ci:** http://hrw.org/reports/2007/spain0707/